

Pwogram Asirans Swen Lopital Ohio (Ohio Hospital Care Assurance Program, HCAP). Antanke patisipan nan pwogram HCAP a, nou ofri gratis nan lopital nou yo sèvis dijans ak lòt sèvis pou nesesite medikal si w se yon rezidan nan Ohio epi swa (1) ou se yon benefisyè ki kalifye aktyèlman pou Pwogram Èd Jeneral oswa Èd pou Andikap oswa (2) revni ou nan 100% Gid Federal sou Povrete (Federal Poverty Guidelines, FPG a) oswa pi ba.

Sa ki annapre a se yon rezime èd finansye ki disponib nan tout etablisman Cleveland Clinic yo ansanm avèk lopital ak sant sante familyal li yo. Rezime sa a pa aplikab pou Cleveland Clinic Rehabilitation Hospitals, Chwazi Cleveland Hospitals, ak etablisman Ashtabula County Medical Center yo, ki gen pwòp politik èd finansye pa yo.

Èd Finansye nou Founi. Si w pa gen asirans, nou bay èd finansye pou swen dijans ak lòt swen ki gen nesesite medikal sou fòm yon rabè sou frè nòmal nou yo si revni fanmi w pa depase kat fwa FPG a epi ou

se yon rezidan nan Eta kote w ap chèche swen yo (Ohio, Florida oswa Nevada). Si w se yon rezidan Florida, ou dwe yon rezidan nan konte annapre la yo: Broward, Indian River, Martin oswa St. Lucie epi w ap chèche sèvis dijans oswa swen medikal ki nesesè (Etablisman nan Southeast Florida yo kouvri sèvis swen dijans sèlman). Yo dwe evalye tout aplikan pou pwoteksyon asirans Medicaid epi aplikan yo dwe kolabore avèk reprezantan Medicaid yo pou yo konsidere yo pou èd finansye. Si w kalifye pou èd finansye dapre Politik nou an, w ap resevwa èd gratis oswa avèk rabè selon kritè revni annapre yo:

- Si revni anyèl fammi ou rive jiska 250% FPG a, w ap resevwa swen gratis,
- Si revni anyèl fammi ou ant 251% ak 400% FPG a, w ap resevwa swen ak rabè sou montan nou chaje anjeneral pou sèvis sa yo pou pasyan ki asire yo.

Menmsi w gen asirans, depi ou ranpli kritè nou yo pou revni, w ap kalifye pou èd finansye si: asirans ou an pa bay pwoteksyon asirans pou sèvis ki gen nesesite medikal w ap chèche yo oswa ou te itilize avantaj maksimòm asirans pou dire lavi w.

Lòt Fason pou Kalifye. Si w pa ranpli kritè pou revni yo ki endike anwo a, kèlkeswa sitiayson asirans ou oswa Eta kote w rezide, y ap konsidere w pou èd finansye dapre desizyon sou chak ka apa nan sikorans annapre la yo:

- **Balans Katastwofik.** Si w gen yon balans ou dwe Cleveland Clinic sou frè yo nan yon episòd swen ki plis pase 15% revni anyèl fanmi w, y ap konsidere w pou èd finansye.

- **Sikorans Eksepsyonèl.** Si ou gen yon difikilte pèsònèl oswa difikilte finansye estrèm, ou ka kontakte nou pou nou konsidere w pou èd finansye.
- **Sikorans Medikal Espesyal.** Si w ap chèche tretman kote se pèsònèl medikal CCHS sèlman ki kapab founi yo, oswa ou ta jwenn yon avantaj nan sèvis medikal kontini nan CCHS pou kontinye pran swen, y ap konsidere w dapre desizyon sou chak ka apa pou èd finansye pou tretman sa presizeman. Si w ap chèche tretman nan Florida, ou dwe pasyan yon doktè CC Florida deja.

Swen Matènité. Si w ansent epi asirans ou pa founi avantaj matènité, w ap kalifye pou èd finansye dapre Politik nou an, depi ou ranpli kritè sou revni nou yo, ou se yon rezidan Ohio oswa yon rezidan Florida swa nan Konte Indian River, Martin oswa St. Lucie, epi ou dakò pou w kolabore avèk nou pou detèmine si w kalifye pou avantaj matènité nan yon pwogram leta.

Frè yo P Ap Depase Montan yo Faktire Anjeneral. Si w resevwa èd finansye dapre Politik nou an, yo p ap chaje w plis pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal pase montan yo chaje anjeneral pou pasyan ki gen asirans komèsyal, Medicare oswa pwoteksyon asirans Medicaid.

Kijan pou W Jwenn Kopi Politik Nou an ak Aplikasyon an. Ou ka jwenn yon kopi Politik nou an ak fòm aplikasyon pou Èd Finansye a: (1) sou sitwèb Cleveland Clinic la nan www.ccf.org/financialassistance, ak (2) nan zòn admisyon nou yo, nan departman dijans nou yo, oswa nan nenpòt nan biwo Reprezantan Finansye Pasyan nou yo. Si w rele Patients First Support Services nan 866.621.6385 oswa si w mande yon Reprezantan Finansye Pasyan, n ap voye yon kopi Politik Èd Finansye nou an, yon rezime nan langaj klè ak fòm aplikasyon an gratis.

Kijan pou W Aplike epi Jwenn Èd. Pou aplike nenpòt moman pandan pwosesis planifikasyon oswa faktirasyon an, ou ka ranpli epi soumèt yon aplikasyon, epi bay enfòmasyon sou revni. Kit li ranpli an pèsòn, sou entènèt, kit yo livre I oswa yo poste I, y ap voye tout Aplikasyon pou Èd Finansye bay ekip Patients First Support Services la pou li evalye yo ak travay sou yo. Si w panse ou ka gen sikorans katastwofik, eksepsyonèl oswa sikorans medikal espesyal, yon Reprezantan Finansye Pasyan oswa yon reprezantan Patients First Support Services ka kòmanse yon aplikasyon pou ou. Si w bezwen nenpòt èd pou w aplike, tanpri kontakte Reprezantan Finansye Pasyan nou yo ki sitey nan etablisman nou yo oswa rele Patients First Support Services nan 866.621.6385.

[multilingual text:]

Kopi Politik Èd Finansye nou an, Fòm Aplikasyon an, ak Rezime sa a disponib nan lang Anglè, Arab, Panyòl, Kreyòl Ayisyen.

SEKSYON EN: ENFÒMASYON PASYAN

Ecri ak lèt detache non w okonplè, adrès ou kilè ou te resevwa sèvis medikal, ansanm ak lòt enfòmasyon ki endike nan seksyon sa a.

Nimewo Kont _____ Dat (yo) pou Sèvis la _____

Non Pasyan an: _____
NON FANMI PRENON INISYAL DEZYÈM PRENON

Adrès: _____
NIMEWO AK RI VIL KONTE

Eta Rezidans: _____ Zipkòd: _____ Dat Nesans: _____ / _____ / _____ Eta Sivil: Selibatè Marye Divòse

Nimewo Telefòn Prensipal: (_____) _____ Lakay Mobil Travay Lòt _____

Adrès Imèl: _____

Asirans Sante nan moman dat sèvis la: _____ Pa gen asirans Medicare Medicaid Lòt _____

SEKSYON DE: REVNI FANMI

Bay revni pou tèt pa w, mari/madanm ou ak tout lòt manm fanmi w (si genyen).

Sous Revni	Total pou 3 Mwa Anvan Sèvis la	Total pou 12 Mwa Anvan Sèvis la
Salè/Travay Endependan	\$ _____	\$ _____
Sekirite Sosyal	\$ _____	\$ _____
Pansyon, Dividann, Enterè, Revni Lwaye	\$ _____	\$ _____
Chomaj, Konpansasyon Travayè	\$ _____	\$ _____
Sipò Timoun (sèlman si pasyan an se benefisyè ki prevwa a)	\$ _____	\$ _____
Lòt	\$ _____	\$ _____

SEKSYON TWA: ENFÒMASYON AK REVNI FANMI

Fè lis tout manm fanmi ki nan kay ou ansanm ak dat nesans yo.

Tanpri bay enfòmasyon annapre yo pou tout moun nan fanmi pwòch ou ki abite nan kay ou. Pou HCAP, yo defini kòm fanmi, pasyan an, mari/madanm pasyan an, ak tout timoun pasyan an ki poko gen 18 ane (natirèl oswa adoptif) k ap viv nan kay pasyan an. Si pasyan an poko gen laj 18 ane, fanmi an dwe gen ladan pasyan an, paran (yo) natirèl oswa adoptif pasyan an, ak paran (yo) (natirèl oswa adoptif) timoun ki poko gen laj 18 an ki abite nan kay pasyan an.

Non manm fanmi yo, ansanm avèk pasyan an

Dat Nesans

Relasyon ak Pasyan an

1. Pasyan: _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____

Poutèt mwen siyen anba a, mwen sètifye tout sa mwen deklare sou aplikasyon sa a ak sou nenpòt attachman se laverite.

Siyati Pati Responsab la: x _____ Dat: _____

Voye aplikasyon ou fin ranpli a tounen nan: **Patients First Support Services – Cleveland Clinic**

6801 Brecksville Rd., RK2-3, Independence, OH 44131-9980

Rev. 1/2024